**दिन–सोमवार** **दिनांक–17.06.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

———————————————————————————————————

पश्चिम बंगाल मे सियालदाह जा रहल कंचनजंगा एक्सप्रेस के एक मालगाड़ी सँ टकरा जयबाक कारणे आइ कम सँ कम आठ गोटेक मृत्यु भऽ गेलनि। जखनकि, आन पचास व्यक्ति घायल भऽ गेलाह। ई दुर्घटना आइ सवेरे रेलवेक कटिहार मंडल अंतर्गत न्यूजलपाईगुड़ी रेलवे स्टेशन लऽग भेल। रेलवे अधिकारीक अनुसार मालगाड़ी सिंगनल सँ आगां निकलि गेल आ कंचनजंगा एक्सप्रेसक पछिला भाग सँ टकरा गेल। गाड़ीक पछिला हिस्सा मे दू पार्सल वैन आ गार्ड कोच लागल छल। रेलवे बोर्डक अध्यक्ष आ मुख्य कार्यकारी अधिकारी जया वर्मा कहलनि अछि जे पश्चिम बंगाल रेल दुर्घटनाक बचाव अभियान पूरा भऽ गेल अछि। ओ कहलनि जे दुर्घटना मे मालगाड़ीक चालक आ कंचनजंगा एक्सप्रेसक गार्डक सेहो मृत्यु भऽ गेलनि। घायल लोकनि के उत्तरी बंगाल मेडिकल कॉलेज मे भर्ती कराओल गेल छनि।

———————————————————

एम्हर, कटिहार मंडल रेल प्रबंधक सुरेन्द्र कुमार जनौलनि जे दुर्घटनाक बाद बारसोई–न्यू जलपाईगुड़ी रेलखंड पर ट्रेनक परिचालन बाधित भेल। जखनकि, डिब्रुगढ़–नव दिल्ली राजधानी एक्सप्रेस आ हावड़ा– न्यू जलपाईगुड़ी, वंदे भारत एक्सप्रेस सहित नओ रेलगाड़ी के परिवर्तित रेल मार्ग सँ चलाओल गेल अछि।

———————————————————

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू रेल दुर्घटना पर दुःख व्यक्त कयलनि अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सेहो रेल दुर्घटना पर दुःख व्यक्त करैत मृतकक परिजनक प्रति संवेदना व्यक्त कयलनि आ घायल सभ के शीघ्र स्वस्थ हेबाक कामना कयलनि। प्रधानमंत्री राष्ट्रीय राहत कोष सँ मृतकक परिजन के दू–दू लाख आ घायल लोकनि के पचास–पचास हजार टाकाक अनुग्रह राशि देबाक घोषणा कयलनि। रेलमंत्री अश्विनी वैष्णव कहलनि जे पड़ित लोकनि के बढ़ल अनुग्रह राशि देल जायत। ओ कहलनि जे मृतकक परिजन के दस–दस लाख टाका, गंभीर

रूप सँ घायल लोक के दू लाख पचास हजार जखनकि मामूली घायल के पचास हजार टाका देल जायत।

————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आगामी बुध दिन बिहारक भ्रमण कार्यक्रम अंतर्गत सवेरे नालंदा अवशेषक अवलोकन करताह। एकर बाद ओ राजगीर मे नालंदा विश्वविद्यालय परिसरक उद्घाटन करबाक बाद एक जनसभा के संबोधित करताह। नालंदा विश्वविद्यालयक परिकल्पना भारत आ पूर्वी एशिया शिखर सम्मेलनक देशक बीच एक संयुक्त सहयोगक रूप सँ कयल गेल अछि। एहि उद्घाटन समारोह मे सत्रह देशक मिशन प्रमुख सहित कतेको प्रतिष्ठित व्यक्ति सम्मिलित हेताह।

————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि वाराणसी मे आयोजित कार्यक्रम मे पीएम किसान सम्मान निधि योजनाक अंतर्गत बीस हजार करोड़ टाकाक वितरण करताह। एकर अंतर्गत नओ करोड़ छब्बीस लाख लाभार्थी किसान के किस्तक राशि सीधा हुनक खाता मे पठाओल जायत।

————————————————————————

बेगूसराय मे आइ राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधनक कार्यकर्त्ता लोकनि धन्यवाद समारोहक आयोजन कयलनि। आयोजन मे केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह सेहो सम्मिलित भेलाह। एहि अवसर पर ओ कहलनि जे विगत लोकसभा चुनाव मे एनडीएक घटक दलक सहयोग सँ जीत प्राप्त भेल।

————————————————————————

दरभंगाक सांसद गोपालजी ठाकुर नव दिल्ली मे रक्षामंत्री राजनाथ सिंह सँ भेट कऽ हुनक पछिला सफल कार्यकाल लेल बधाई देलनि। गोपालजी ठाकुर रक्षामंत्री के मिथिला परंपराक अनुसार पाग, दोपटा आ मखानक माला पहिरौलनि।

————————————————————————

त्याग आ बलिदानक पर्व ईद–उल–अजहा यानि बकरीद आइ संपूर्ण देश मे धार्मिक श्रद्धाक संग मनाओल जा रहल अछि। एहि अवसर पर अकीदतमंद लोकनि पटनाक गांधी मैदान समेत प्रदेशक विभिन्न मस्जिद आ ईदगाह मे विशेष नमाज अदा कयलनि। बकरीद के लऽकऽ संपूर्ण प्रदेश मे सुरक्षाक व्यापक प्रबंध कयल गेल अछि। संवेदनशील स्थान सभ पर

अतिरिक्त पुलिस बलक उपस्थिति कराओल गेल अछि। दरभंगा जिला मे चारि सय छियालीस स्थल पर दण्डाधिकारीक संग पुलिस बल उपस्थित अछि। बकरीदक अवसर पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार लोक सभ के अपन शुभकामना देलनि अछि।

---

प्रदेशक दक्षिणी भाग मे भीषण गर्मी आ लू के प्रकोप सँ जनजीवन अस्त–व्यस्त भेल अछि। रोहतास, कैमूर, औरंगाबाद, अरवल, जहानाबाद, गया आ नवादा समेत कतेको ठाम आइयो भीषण लू चलबाक स्थिति बनल रहल। पटना, नालंदा आ जमुई मे सेहो भीषण गर्मी सँ राहत नहि अछि। मौसम विभाग किशनगंज, पूर्णियां, अररिया, सहरसाक अतिरिक्त दक्षिण–पूर्व भागक कतेको क्षेत्र मे आइ आंशिक बरखा हेबाक संभावना व्यक्त कयलक अछि।

---

भीषण गर्मी के देखैत पटना जिला मे स्कूल सभ मे दू दिनक छुट्टी आओर बढ़ा देल गेल अछि। पटनाक जिलाधिकारी अठारह आ उनैस जून के जिला मे आठम कक्षा धरि सभ स्कूल के बंद रखबाक आदेश देलनि अछि।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।